

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Populasi jeung Sampel

3.1.1 Populasi

Nurutkeun Arikunto (2006:130), populasi nya éta sakabéh subjék dina panalungtikan. Dumasar éta pamadegan, anu jadi populasi nya éta sajumlahing siswa SMK Negeri 5 Bandung anu dibagi jadi salapan kelas ti mimiti kelas XII Kimia Analitik (KA) nepi ka kelas Téknik Konstruksi Baja Beton (TKBB) saperti anu kaugel dina tabél 3.1 ieu di handap.

Tabél 3.1

Populasi Panalungtikan

Kelas	Jenis Kelamin		Jumlah
	Lalaki	Awewe	
Kimia Analitik (KA)	8	22	30
Téknik Gambar Bangunan (TGB) 1	16	14	30
Téknik Gambar Bangunan (TGB) 2	18	12	30
Téknik Gambar Bangunan (TGB) 3	14	16	30
Téknik Gambar Bangunan (TGB) 4	16	14	30
Téknik Gambar Bangunan (TGB) 5	14	16	30
Téknik Survey Pemetaan (TSP) 1	16	8	24
Téknik Survey Pemetaan (TSP) 2	18	6	24
Téknik Konstruksi Baja Beton (TKBB)	22	-	22
Jumlah	142	108	250

3.1.2 Sampel

Sampel nya éta wawakil populasi anu rék ditalungtik. Ieu panalungtikan ngagunakeun sampel acak, lantaran dina nangtukeun sampelna panalungtik nyampurkeun sakabéh subjék dina populasi, anu hartina sakabéh subjék dianggap sarua. Sanajan jurusan unggal kelas XII di SMK Negeri 5 Bandung béda-béda,


tapi dina nepikeun pangajaran Basa Sunda materi ajar anu ditepikeun sarua. Dina nangtukeun sampel, panalungtik nyieun salapan nomer dina kertas anu ngawakilan kelas XII KA nepi ka kelas XII TKBB. Sanggeus kitu kasalapan nomer éta di koclok nepi ka kaluar hiji nomer. Nomer anu kaluar nya éta nomer 1, ku kituna kelas anu dijadikeun sampel dina ieu panalungtikan nya éta kelas XII KA (Kimia Analitik), anu jumlahna katitén tina tabél 3.2 ieu di handap.

Tabel 3.2
Sampel Panalungtikan

Kelas	Jenis Kelamin		Jumlah
	Lalaki	Awéwé	
Kimia Analitik	8	22	30

3.2 Desain Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngagunakeun métode korélasional pikeun nangtukeun gedéna hubungan antara kamampuh maca pamahaman (x), jeung kamampuh nulis éséy siswa (y). Desain anu digunakeun dina ieu metode deskriptif korélasional bisa digambarkeun saperti ieu di handap:



Keterangan : X = Kamampuh maca pamahaman

Y = Kamampuh nulis éséy

3.3 Metode Panalungtikan

Dumasar kana tujuan nu rék dihontal, ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif korélasional. Numutkeun Amir Suyatna (2002:14), ieu métode digunakeun pikeun (1) ngumpulkeun informasi faktual kalayan gemet jeung ngagambarkeun gejala nu aya, (2) ngaidéntifikasi masalah-masalah nu aya kiwari, (3) nyieun babandingan, jeung (4) nangtukeun naon waé anu bisa dicokot atawa implikasina tina éta pangalaman pikeun rarancang jeung kacindekan dina mangsa anu bakal datang.

Esty Karya Astuti, 2014

Korelasi Antara Kamampuh Maca Jeung Kamampuh Nulis Esey Siswa Kelas XII SMK Negeri 5 Bandung Taun Ajar 2013/2014

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Métode déskriptif mangrupa hiji cara pikeun meunangkeun jeung ngaréngsékeun masalah panalungtikan anu keur digarap; data anu geus dikumpulkeun, disusun, dianalisa, sarta diinterpretasikeun.

Métode déskriptif dina ieu panalungtikan nya éta ngadéskripsikeun kamampuh maca pamahaman, sanggeus meunangkeun gambaran kamampuh maca pamahaman siswa satuluyna dikorélasikeun jeung kamampuh nulis éséy siswa.

3.4 Wangenan Operasional

Sangkan ulah aya kakaliruan dina nafsirkeun atawa méré interpretasi nu sarua kana variabel-variabel nu aya dina panalungtikan, perlu aya définisi nu aya dina judul ngeunaan istilah-istilah nu dipaké. Nilik kana judulna, ieu panalungtikan téh mibanda sababaraha variabel anu baris ditalungtik. Ku kituna, panalungtik baris ngajéntrékeun masalah/variabel ngeunaan istilah nu dipaké.

- 1) Korélasi nya éta hubungan antara variabel nu hiji (x) jeung variabel anu lianna (y). Korélasi dina ieu panalungtikan nya éta pikeun néangan hubungan variabel x (kamampuh maca pamahaman siswa) jeung variabel y kamampuh nulis éséy siswa). Lamun variabel x (kamampuh maca pamahaman siswa) jeung variabel y (kamampuh nulis éséy siswa) aya korélasi, bisa disebutkeun yén kamampuh nulis teh dipangaruhan ku kamampuh maca.
- 2) Kamampuh Maca nya éta kamampuh pikeun meunangkeun pesen (informasi) sarta maham kana eusi jeung ma'na anu ditepikeun ngaliwatan média tinulis. Kamampuh maca anu dimaksud dina ieu panalungtikan nya éta kamampuh maca pamahaman. Kamampuh maca pamahaman nya éta kamampuh pikeun nyangkem eusi bacaan boh dina wangun tinulis boh dina wangun lisan anu cara macana disorakeun atawa henteu disorakeun (dina jero haté). Aspék maca pamahaman anu dipaluruh dina ieu panalungtikan nya éta aspék literat jeung inférénsial, nu ngawengku, maham kana naon-naon anu dina eusi bacaan saperti ide pokok, urutan, perbandingan, palaku dina bacaan, napsirkeun, jeung ngaévaluasi eusi bacaan (Dalman, 2013:94-101).

- 3) Kamampuh Nulis Éséy nya éta kamampuh pikeun ngébréhkeun ide, pikiran, gagasan jeung perasaan dina wangun karangan prosa anu medar hiji pasualan maké sudut pandang panulisna. Kamampuh nulis éséy dina ieu panalungtikan nya éta kamampuh nulis éséy siswa kelas XII SMK Negeri 5 Bandung. Kamampuh anu diukur nya éta ngeunaan kamapuh ngalarapkeun éjahan, eusi karangan, jeung mekarkeun paragraf.

3.5 Instrumen Panalungtikan

3.5.1 Wanda Instrumén

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun mikanyaho korélasi antara kamampuh maca pamahaman jeung kamampuh nulis éséy siswa. Ku kituna, data anu dikumpulkeun ngawengku dua variabel, nya éta variabel kamampuh maca pamahaman siswa (x) jeung variabel kamampuh nulis éséy siswa (y).

Instrumén mangrupa hal anu kawilang penting, sabab hasil henteuna panalungtikan dipangaruhan ogé ku instrumén anu digunakeun. Data nu diperlukeun pikeun ngajawab masalah jeung nguji hipotésis bisa dikumpulkeun ngaliwatan instrumén. Ku kituna, kualitas instrumén panalungtikan bakal nangtukeun kana kualitas data nu aya. Instrumén atawa alat anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta:

- (1) Wacana.

Wacana nu digunakeun nya éta éséy anu judulna “Pamajikan Si Kabayan” nu ditulis ku Chye Retty Isnendes anu dicutat tina majalah Cahara Bumi Siliwangi édisi Maret 2009.

- (2) Tés

Tés pikeun ngukur kamampuh maca pamahaman anu digunakeun nya éta tés objéktif atawa tés pilihan ganda anu lobana 20 soal, tina 20 soal éta dibagi nurutkeun tingkat pamahaman literat jeung inferensial, nya éta tilu soal ngeunaan palaku, lima soal ngeunaan pamahaman eusi bacaan, dua soal ngeunaan aplikasi tina bacaan, tilu soal ngeunaan analisis eusi bacaan, lima soal ngeunaan tafsiran bacaan, jeung dua soal ngeunaan evaluasi tina bacaan.

Sedengkeun tés anu digunakeun pikeun ngukur kamampuh nulis éséy nya éta tés subjéktif atawa tés éséy anu lobana sasoal.

3.5.2 Kisi-kisi Instrumén

Tabel 3.3

Kisi-kisi Soal Tés Maca Pamahaman

Standar Kompetensi	Matéri	Indikator	No Soal	Bobot
12.3 <i>Mampu membaca untuk memahami dan menanggapi bacaan yang berupa artikel, carita buhun, dan bahasan</i>	<ul style="list-style-type: none"> • Maca bahasan (éséy) “Pamajikan Si Kabayan” 	• Bisa nyebutkeun palaku dina bacaan	1, 4, 9	3
		• Bisa maham kana eusi bacaan	3, 7, 10, 12, 16,	5
		• Bisa ngaplikasikeun eusi bacaan jeung kahirupan sapopoe	8, 17	2
		• Bisa nganalisis eusi bacaan	5, 6, 13	3
		• Bisa nafsirkeun eusi bacaan	2, 11, 14, 15, 18	5
		• Bisa ngaévaluasi eusi bacaan	19, 20	2
Jumlah				20

Tabel 3.4
Kisi-kisi Tés Kamampuh Nulis Éséy

Standar Kompetensi	Matéri	Indikator	Bobot
<i>12.4 mampu menulis untuk mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan dalam bentuk puisi, esai, dan teks drama</i>	Nulis éséy dumasar kana éséy anu geus dibaca (Pamajikan Si Kabayan)	Éjahan:	
		1. Makéna aksara	2
		2. Nuliskeun aksara	2
		3. Nuliskeun kecap	2
		4. Nulis unsur serapan	3
		5. Ngalarapkeun tanda baca	3
		Eusi Karangan:	
		1. Cara mekarkeun karangan	3
		2. Kasaluyuan jeung karangan nu asli	3
		3. Kuantitas eusi	3
		Paragraf:	
		1. Cara mekarkeun paragraf	3
		2. Patalina antar paragraf	3
3. Susunan paragraf	3		
Jumlah			30

3.5.3 Uji Validitas Instrumén

Nurutkeun Arikunto (2006:168), validitas nya éta ukuran nu nuduhkeun tingkatan-tingkatan validna instrumén. Instrumén nu valid atawa sah sah mibanda validitas anu luhur, sabalikna instrumén anu kurang valid berarti mibanda validitas anu kawilang kurang. Kurang henteuna validitas instrumén nuduhkeun data nu bisa dikumpulkeun teu salah atawa saluyu jeung gambaran ngeunaan validitas nu dimaksud.

Validitas tés nu dipaké nya éta “*validitas eksternal*”. Validitas tésna dihontal ku jalan ngabandingkeun peunteun siswa anu dihontal tina instrumén jeung peunteun Basa Sunda di raport. Éta data téh dipatalikeun maké rumus “*product moment*” saperti di handap:

$$r_{xy} = \frac{n\sum XY - (\sum X)(\sum Y)}{\sqrt{\{n\sum X^2 - (\sum X)^2\} \{n\sum Y^2 - (\sum Y)^2\}}}$$

Keterangan:

- r_{xy} : koéfisién korélasi antara dua variabel anu dipaluruh
 n : jumlah subjék
 X : skor tés tina instrumén
 Y : peunteun dina raport

Hasil tina koéfisién dikonsultasikeun kana tabél harga kritik tabél *product moment* kalawan tingkat kapercayaan 5%. Kritéria anu digunakeun nya éta lamun r itung $>$ r tabel, éta soal téh dianggap valid.

Pikeun ngayakeun intérprétasi luhur handapna validitas koéfisién korélasina diklasifikasieun saperti ieu di handap:

Tabel 3.5

Klasifikasi Koéfisién Korélasi

“r”	Interprétasi
0,800 – 1,000	Luhur Pisan
0,600 – 0,800	Luhur
0,400 – 0,600	Cukup
0,200 – 0,400	Handap
0,000 – 0,200	Handap Pisan

(Suharsimi Arikunto, 2009:276)

Tina hasil uji validitas kapanggih harga $n=30$, $x=2230$, $y=2415$, $x^2=168600$, $y^2=194729$, $xy=180050$. Saterusna éta angka-angka téh disaupkeun kana rumus ieu di handap:

Esty Karya Astuti, 2014

Korelasi Antara Kamampuh Maca Jeung Kamampuh Nulis Esey Siswa Kelas XII SMK Negeri 5 Bandung Taun Ajar 2013/2014

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

$$r_{xy} = \frac{n \cdot \Sigma_{xy} - (\Sigma_x)(\Sigma_y)}{\sqrt{(n \cdot \Sigma x^2 - (\Sigma x)^2) (n \cdot \Sigma y^2 - (\Sigma y)^2)}}$$

$$r_{xy} = \frac{30 \cdot 180050 - (2230)(2415)}{\sqrt{(30 \cdot (168600) - (2230)^2) (30 \cdot (194729) - (2415)^2)}}$$

$$r_{xy} = \frac{5401500 - 5385450}{\sqrt{(5058000 - 4972900) (5841870 - 5832225)}}$$

$$r_{xy} = \frac{16050}{\sqrt{(85100) (9645)}}$$

$$r_{xy} = \frac{16050}{28649,42}$$

$$r_{xy} = 0,560$$

Tina hasil ngitung, katitén harga r téh 0,560. Éta harga koéfisien téh lamun dibandingkeun jeung harga r anu aya dina tabél, dina taraf signifikansi 5% atawa taraf kapercayaan 95% anu nuduhkeun angka 0,361, katitén harga r itung leuwih gede ti batan r tabél. Éta hal téh nuduhkeun yén soal anu dipaké téh kamampuh maca pamahaman téh *valid*.

3.5.4 Uji Réliabilitas Instrumén

Sabada diuji validitasna tuluy diuji ogé réliabilitasna, sangkan éta soal téh bisa dibuktikeun bebenerannana. Réliabilitas soal anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta réliabilitas antara kelompok soa, dimana éta soal dikelompokkeun jadi dua gundukan, nya éta kelompok *ganjil* jeung kelompok *genap*. Jumlah tina skor-skor dikorélasikeun nepi ka kapanggih harga koéfisien korélasina (r), pikeun réliabilitas digunakeun rumus korélasi saperti ieu di handap:

$$r_{xy} = \frac{\Sigma_{xy}}{\sqrt{(\Sigma x^2)(\Sigma y^2)}}$$

Katerangan:

r_{xy} : réliabilitas instrumén

Σ_{xy} : variasi beulahan kahiji (varian skor butir-butir ganjil)

Esty Karya Astuti, 2014

Korelasi Antara Kamampuh Maca Jeung Kamampuh Nulis Esey Siswa Kelas XII SMK Negeri 5 Bandung Taun Ajar 2013/2014

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

x^2 : variasi beulahan kadua (varian skor butir-butir genap)

y^2 : variasi skor total

Tina hasil ngitung uji réliabilitas kapanggih harga $\sum x^2=1248,6$, $\sum y^2=954,2$, jeung $\sum xy=337,617$. Tuluy diitung maké rumus saperti ieu di handap:

$$r_{xy} = \frac{\sum xy}{\sqrt{(\sum x^2)(\sum y^2)}}$$

$$r_{xy} = \frac{337,617}{\sqrt{(1248,6)(954,2)}}$$

$$r_{xy} = \frac{337,617}{\sqrt{1191414,12}}$$

$$r_{xy} = \frac{398,857}{1091,52}$$

$$r_{xy} = 0,365$$

Tina hasil ngitung, katitén harga r nya éta 0,365. Éta harga koéfisién téh lamun dibandingkeun jeung harga r dina tabél, dina taraf signifikansi 5% atawa taraf kepercayaan 95% anu nuduhkeun angka 0,361, katitén harga r itung leuwih gedé ti batan r tabél. Éta hal nuduhkeun yén soal anu dipaké pikeun tés kamampuh maca pamahaman téh geus *réliabel*.

3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Dina ngumpulkeun data panalungtikan perlu aya alat atawa téhnik anu tangtu luyu jeung masalah katut métode panalungtikan. Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta ku cara ngalaksanakeun tés. Tés digunakeun pikeun ningali kamampuh maca pamahaman siswa katut kamampuh nulis éséy siswa.

Prosedur atawa léngkah-léngkah anu dilakukeun nalika ngumpulkeun data ieu panalungtikan dimimitian ku tahap tatahar jeung tahap pelaksanaan.

Esty Karya Astuti, 2014

Korelasi Antara Kamampuh Maca Jeung Kamampuh Nulis Esey Siswa Kelas XII SMK Negeri 5 Bandung Taun Ajar 2013/2014

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Dina tahap tatahar, kagiatan anu dilakukeun nya éta nataharkeun naon-naon anu rék dipaké nalika panalungtikan, saperti nyiapkeun instrumén panalungtikan nya éta wacana jeung soal, oge nyieun lembar jawabana. Dituluykeun ka tahap anu kadua, nya éta tahap pelaksanaan. Dina tahap pelaksanaan kagiatan anu dilakukeun nya éta nepikeun ulasan ngeunaan éséy, ngabagikeun bacaan éséy, tuluy ngayakeun tés maca, jeung tés nulis.

3.7 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data digunakeun pikeun maluruh jawaban tina pasualan anu kapanggih dina panalungtikan. Data hasil tés maca pamahaman jeung tés nulis éséy diolah deui sangkan kapaluruh korélasi antara kaduana.

3.7.1 Ngolah Data Tés Kamampuh Maca Pamahaman

Ngolah data tés kamampuh maca pamahaman dilakukeun ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap:

- 1) Mariksa hasil tés kamampuh maca
- 2) Méré peunteun kana hasil tés kamampuh maca pamahaman

Méré peunteun ngagunakeun rumus:

$$P = \frac{\text{Skor jawaban nu bener}}{\text{Skor total}} \times 100$$

Keterangan:

P = Peunteun

Sanggeus tés kamampuh maca pamahaman siswa dipeunteun, tuluy ditapsirkeun saperti tabél ieu di handap:

Tabél 3.6

Kritéria Peunteun Maca Pamahaman

Angka 100	Tapsiran
80-100	Alus Pisan
66-79	Alus
56-65	Cukup
40-55	Handap

Esty Karya Astuti, 2014

Korelasi Antara Kamampuh Maca Jeung Kamampuh Nulis Esey Siswa Kelas XII SMK Negeri 5 Bandung Taun Ajar 2013/2014

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

30-39	Handap Pisan
-------	--------------

3.7.2 Ngolah Data Tés Nulis Éséy

Ngolah data tés nulis éséy dilakukeun ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap:

- 1) Mariksa hasil tés nulis éséy
- 2) Méré peunteun kana hasil tés nulis éséy. Téhnik ngolah data tés kamampuh nulis éséy dijieun dina wangun skala peunteun (*ranting scale*), saperti tabél ieu di handap:

Tabél 3.7

Skala Peunteun

(tés kamampuh nulis éséy)

Ngaran siswa :

Kelas :

Komponén Nulis Éséy nu Diukur	Skala Peunteun					Bobot	Skor
	1	2	3	4	5		
Éjahan:							
1. Makéna aksara						2	
2. Nuliskeun aksara						2	
3. Nuliskeun kecap						2	
4. Nulis unsur serapan						3	
5. Ngalarapkeun tanda baca						3	
Eusi Karangan:							
1. Cara mekarkeun karangan						3	
2. Kasaluyuan jeung karangan nu asli						3	
3. Kuantitas eusi						3	
Paragraf:							
1. Cara mekarkeun paragraf						3	
2. Patalina antar paragraf						3	

Esty Karya Astuti, 2014

Korelasi Antara Kamampuh Maca Jeung Kamampuh Nulis Esey Siswa Kelas XII SMK Negeri 5 Bandung Taun Ajar 2013/2014

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3. Susunan paragraf						3	
Jumlah							

Keterangan:

- 1) Pikeun méré skor masing-masing komponén digunakeun tanda (\surd) dina kolom skala peunteun nu dianggap cocog.
- 2) Harti skala peunteun:
 - 1 = kurang pisan
 - 2 = kurang
 - 3 = sedeng/ cukup
 - 4 = alus
 - 5 = alus pisan
- 3) Harti skala lamun dipatalikeun jeung kriteria ajén masing-masing komponén (titik-titik dieusian ku kritéria masing-masing komponén).
 - 1 = henteu... pisan
 - 2 = henteu...
 - 3 = hampir
 - 4 = alus...
 - 5 = alus... pisan
- 4) Bobot, pikeun ngabédakeun tingkat pentingna masing-masing komponén, miboga fungsi pikeun ngalikeun angka skala anu dihontal masing-masing komponén.
- 5) Pikeun nangtukeun peunteun siswa dumasar kana standar peunteun 100, digunakeun rumus:

$$P = \frac{\text{Skor Tercapai}}{\text{Skor Ideal}} \times 100$$

Sanggeus tés nulis éséy siswa dipeunteun, tuluy ditapsirkeun saperti tabél ieu di handap:

Tabél 3.8
Kritéria Peunteun Nulis Ésey

Angka 100	Tapsiran
80-100	Alus Pisan
66-79	Alus
56-65	Cukup
40-55	Handap
30-39	Handap Pisan

6) Kritéria Peunteun Nulis Ésey

Ieu di handap mangrupa wincikan ngeunaan unggal komponén karangan ngagunakeun skala 5.

(1)Éjahan

a. Makéna aksara

5 = euweuh nu salah;

4 = salah saeutik, henteu penting;

3 = salah saeutik anu penting;

2 = loba nu salah;

1 = loba pisan nu salah.

b. Nuliskeun aksara

5 = euweuh nu salah;

4 = salah saeutik, henteu penting;

3 = salah saeutik anu penting;

2 = loba nu salah;

1 = loba pisan nu salah.

c. Nuliskeun kecap

5 = euweuh nu salah;

4 = salah saeutik, henteu penting;

3 = salah saeutik anu penting;

2 = loba nu salah;

- 1 = loba pisan nu salah.
- d. Nuliskeun unsur serapan
- 5 = euweuh nu salah;
- 4 = salah saeutik, henteu penting;
- 3 = salah saeutik anu penting;
- 2 = loba nu salah;
- 1 = loba pisan nu salah.
- e. Ngalarapkeun tanda baca
- 5 = euweuh nu salah;
- 4 = salah saeutik, henteu penting;
- 3 = salah saeutik anu penting;
- 2 = loba nu salah;
- 1 = loba pisan nu salah.
- (2)Eusi Karangan
- a. Cara mekarkeun karangan
- 5 = luyu jeung wangun karangan sarta eusina lengkep;
- 4 = aya saeutik nu leu luyu, tapi henteu mémpar sarta lengkep;
- 3 = kurang luyu jeung wangun karangan;
- 2 = kurang luyu jeung wangun karangan jeung kurang lengkep;
- 1 = euweuh kasaluyuan jeung kurang lengkep.
- b. Kasaluyuan jeung karangan nu asli
- 5 = kabéh eusina luyu pisan jeung karangan nu asli;
- 4 = aya sabagian anu kurang luyu, tapi henteu mémpar;
- 3 = aya sabagian anu henteu perlu diasupkeun kana karangan;
- 2 = loba pisan anu henteu perlu diasupkeun kana karangan;
- 1 = loba pisan méngparna.
- c. Kuantitas eusi
- 5 = alus pisan kuantitas eusina;
- 4 = alus kuantitas eusina;
- 3 = kurang alus kuantitas eusina;
- 2 = kuantitas eusina goréng;

1 = kuantitas eusina goréng pisan.

(3)Paragraf

a. Cara mekarkeun paragraf

5 = unggal paragraf mekar tur lengkep;

4 = aya sawatara paragraf anu kurang mekar;

3 = sabagian paragraf henteu mekar;

2 = loba paragraf anu kurang dimekarkeun;

1 = loba pisan paragraf anu teu dimekarkeun.

b. Patalina antar paragraf

5 = patalina antar paragraf raket pisan;

4 = patalina antar paragraf hadé, raket;

3 = aya sawatara paragraf anu teu patali;

2 = loba paragraf anu teu aya patalina;

1 = loba pisan paragraf anu teu aya patalina.

c. Susunan paragraf

5 = susunan karangan lengkep tur ngéntép seureuh;

4 = susunan karangan lengkep, tapi ngéntép seureuh;

3 = susunan karangan teu lengkep, tapi ngéntép seureuh;

2 = susunan karangan teu lengkep, tur teu ngéntép seureuh;

1 = susunan karangan acak-acakan, henteu maké aturan.

3.8 Téhnik Nganalisis Data

3.8.1 Nguji jeung Ngitung Signifikasi Korélasi

Pikeun mikaweruh merenah atwa henteuna angka korélasi anu dihasilkeun tina korélasi antara variabel-variabel dina panalungtikan, perlu diuji jeung diitung signifikasi koéfisien korélasina.

Léngkah-léngkah pikeun nguji signifikasi koéfisien korélasi nya éta saperti ieu di handap:

1) Nangtukeun hargaana $\sum X, \sum Y, \sum x^2, \sum y^2$, jeung $\sum xy$

2) Nangtukeun gedéna koéfisien determinasi variabel bébas kana variabel kauger.

Esty Karya Astuti, 2014

Korelasi Antara Kamampuh Maca Jeung Kamampuh Nulis Esey Siswa Kelas XII SMK Negeri 5 Bandung Taun Ajar 2013/2014

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Dina ieu panalungtikan, variabel x kamampuh maca pamahaman siswa) kana variabel y (kamampuh nulis éséy siswa). Rumus anu dipaké nya éta rumus (Sugiyono, 2006:213).

$$r_{xy} = \frac{\sum xy}{\sqrt{(\sum x^2)(\sum y^2)}}$$

Keterangan:

r_{xy} = koéfisién korélasi

$\sum xy$ = jumlah produk X jeung Y

$\sum x^2$ = jumlah kuadrat peunteun X

$\sum y^2$ = jumlah kuadrat peunteun Y

3) Nafsirkeun gedéna koéfisién kalawan ngagunakeun ukuran klasifikasi Sugiyono (2006: 216).

< 20 = teu aya korélasi

0,21 – 0,40 = korélasi handap

0,41 – 0,70 = korélasi sedeng

0,71 – 0,90 = korélasi luhur

0,91 – 1,00 = korélasi luhur pisan

>1,00 = korélasi sampurna

3.8.2 Kritéria Nguji Hipotésis

Kritéria nguji hipotésis kalawan ngagunakeun rumus nu diébréhkeun ku Sugiyono (2006:215), saperti:

$$t = \frac{r\sqrt{n-2}}{\sqrt{1-r^2}}$$

Keterangan:

t = koéfisién signifikasi

r = koéfisién korélasi

Kritéria anu dipaké pikeun nguji hipotésis atawa korélasi antara kamampuh maca pamahaman jeung nulis éséy siswa kelas XII SMK Negeri 5

Esty Karya Astuti, 2014

Korelasi Antara Kamampuh Maca Jeung Kamampuh Nulis Esey Siswa Kelas XII SMK Negeri 5 Bandung Taun Ajar 2013/2014

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Bandung nya éta Hi ditarima lamun t itung $>$ t tabel, sabalikna lamun t itung $<$ t tabel berarti Hi ditolak.

3.8.3 Ngitung Koéfisién Déterminasi

Tujuan ngitung koéfisién déterminasi nya éta pikeun mikaweruh gedéna kontribusi (sumbangan) variabel bébas kana variabel kauger dina panalungtikan. Rumus nu dipaké pikeun ngitung koéfisién déterminasi, nurutkeun Sudjana (1992:455) nya éta:

$$KD = r^2 \times 100\%$$

Keterangan:

KD = koéfisién déterminasi

r = koéfisién korélasi

Dina ieu panalungtikan, variabel x nya éta (kamampuh maca pamahaman siswa) kana variabel y (kamampuh nulis éséy siswa kelas XII SMK Negeri 5 Bandung).